JOUNEN MONDYAL KONT
TRAVAY TIMOUN

Organisation internationale du Travail

12 JEN 2017

NAN KONFLI AK KATASTWÒF

AN NOU PWOTEJE TIMOUN YO KONT TRAVAY TIMOUN

Tèm Jounen Mondyal kont travay timoun pou ane 2017 la se «Konsekans konfli ak katastwòf yo sou travay timoun».

Konfli ak katastwòf yo genyen move konsekans sou lavi moun. Yo responsab lanmò, mitilasyon, blese, fòse moun yo kite lakay yo, detwi mwayen pou yo viv, pouse yo nan fon lamizè ak grangou epi pyeje yo nan sitiyasyon kote yo vyole dwa fondamantal yo kòm moun. Konfli ak katastwòf lakòz plizyè milyon timoun viktim nan fè travay timoun oubyen tonbe anba men moun ki konn fè trafik timoun. Se Timoun ki nan yon peyi k ap deplase soti yon kote pou al nan yon lòt oubyen ki vin tounen refijye nan yon lòt peyi ki pi vilnerab.

Anviwon 250 milyon timoun ap viv kote konfli ak zam kapab eklate nenpòt ki lè. Katastwòf natirèl preske afekte 70 milyon timoun chak ane. Yon bon valè nan 168 milyon timoun ki viktim travay timoun ap viv nan zòn ki genyen konfli ak katastwòf. Aktlyèlman plis ke mwatye nan 65 milyon moun k ap deplase akoz gen lagè se timoun.

KOMAN KONFLI AK KATASTWÒF KONTRIBYE NAN TRAVAY TIMOUN?

Konfli ak Katastwòf yo detwi mwayen pou moun viv. Lè kondisyon ekonomik yo degrade, sa paran, frè ak sè yo rantre nan kay la pa sifi pou fè fanmi an viv. Sa vin lakòz timoun yo abandone lekòl pou yo kapab al travay pou yo menm ak fanmi yo ka viv.

Pandan konfli ak kastastwòf anpil timoun separe ak fanmi yo sa ki vin lakòz yo frajil anpil. Nan pa ka konte sou èd fanmi yo pandan yo pa twò gen konsyans sou danje k ap menase yo, yo fasil pou viktim trafik ak travay timoun sitou nan moman yap kite yon kote pou al nan yon lòt oubyen lè yo rive kote yo t ap prale a.

Pandan gen konfli gwoup ak zam kapab fè timoun yo tounen solda oubyen tou tankou espyon, asistan ak potè osinon yo viktim eksplwatasyon ak abi seksyèl. Anplis danje yo ekspoze ak li lè gen afwontman, souvan yo dwe kapab sipòte vyolans fizik ak sikolojik, tach ak move pinisyon epi tou yo ekspoze ak konsome alkòl ak dwòg. Anpil fwa tout bagay sa yo rete nan lespri yo sa ki konn konplike reyentegrasyon yo lè konfli yo fini. Daprè Konvansyon OIT nimewo 182 sou Pi Move Fòm Travay Timoun Yo, pran timoun fè sèvi solda nan konfli ak zam se pi move fòm travay timoun.

Konfli ak katastwòf yo lakòz lekòl detwi. Absans enfrastrikti eskolè se youn nan sa ki lakòz timoun yo ap travay. Nan dwa entènasyonal, Rezolisyon 1612 Konsèy Sekirite entèdi yo atake lekòl epi kalifye atak sa yo kòm vyolasyon grav dwa timoun yo. Lè yo atake oubyen andomaje lekòl oubyen detwi yo akòz lagè osinon fè yo tounen baz militè, enfrastrikti eskolè yo men tou karaktè sakre yo genyen sibi yo menm tou dega ki pap kapab repare, tout bagay sa yo genyen move konsekans ki pap janm efase sou sa timoun yo panse sou lekòl yo konsidere kòm yon kote yo fè konfyans pou aprann.

Se Konfli ak katastwòf ki lakòz foul moun ap deplase. Pitit migran sa yo vin tèlman ekspoze nan al fè travay timoun paske deplasman sa yo riske separe yo ak paran yo epi ak aktivite lekòl yo tou. Li vin sanse difisil pou yo al lekòl nan lòt peyi yo vin twouve yo a. Lè yo resi rive enskri, yo vin gen anpil difikilte pou yo adapte yo ak pwogram yo epi ak lang peyi kote yo ye a.

Timoun refijye yo rankontre difikilte yo pat konn jwenn anvan ki oblije yo al fè travay timoun. Gouvènman peyi ki akeyi yo a mete anpil restriksyon ki anpeche granmoun refijye yo travay. Anpil nan peyi sa yo pa ba yo dwa pou genyen yon kouvèti sosyal ki konplè. Akoz tout bagay sa yo, paran yo vin twouve yo nan sityasyon kote yo oblije mande timoun yo pou patisipe nan rantre ekonomik fanmi an. Nan ka sa, timoun ki pa gen fanmi ki akonpanye yo vin frajil epi oblije al fè travay timoun pou yo kapab gen mwayen pou viv.

Anpil sistèm entegre ki efikas nan pwoteksyon timoun kenbe timoun yo lwen travay timoun. Malerezman Konfli ak Katastwòf kontribye nan febli respè lalwa ak demoli lòd piblik. Enspektè travay yo, sèvis lòd yo ak travayè sosyal yo gen twòp bagay pou yo fè epi tou yo pa gen ase resous pou siveye epi konbat jan sa ta dwe fèt travay timoun.

POUKISA NOU DWE AJI?

Travay timoun yo nan konfli ak katastwòf yo se yon vyolasyon dwa entènasyonal, rezolisyon Konsèy Sekirite ak Konvansyon Nasyonzini yo tankou Konvansyon (#138) OIT sou pi piti laj pou kapab travay, Konvansyon (#182) sou pi move fòm travay timoun yo, Rekòmandasyon (#71) OIT sou travay (soti nan lagè pour rive nan lapè) (k ap revize), ak Konvansyon sou Dwa Timoun ansanm ak Rezolisyon 1612 Konsèy Sekirite sou Timoun ak Konfli ak zam.

Timoun yo dwe pwoteje kont tout danje. Travay timoun yo genyen move konsekans sou byennèt fizik ak sikolojik yo. Nan moman konfli ak kastastwòf, yo souvan bay timoun yo fè travay ki kapab genyen move konsekans sou sante yo, sekirite yo ak byennèt yo. Depi sou timoun k ap travay nan min oubyen nan ranmase rès metal oubyen minrè nan kote ki genyen lagè, rive sou timoun ki nan ranmase fatra, timoun refijye k ap travay nan lari oubyen nan plantasyon. tout travay sa yo riske gen move konsekans sou yo.

Timoun yo gen dwa pou yo pwoteje yo pandan konfli ak katastwòf epi tou enterè siperyè yo dwe toujou anvan. Yo gen dwa pou yo gen yon vi nòmal epi retounen lekòl prese prese – edikasyon se kle nan lit kont travay timoun epi pou pèmèt yo devlope sosyete k ap avanse. San n pa diskite li inakseptab pou timoun yo oblije al travay pou yo menm ak fanmiy yo ka viv. Tout timoun ta dwe jwenn pwoteksyon nan nenpòt ki moman.

Travay timoun yo se vyolasyon dwa fondamantal yo, se tou yon wont pou limanite ak yon veritab fren pou devlopman dirab nan bon kalite travay. Tout moun dakò fini ak li se yon priyorite mondyal. Avèk objektif 8.7 Objecktif Devlopman Dirab (ODD) yo, kominote entènasyonal la angaje l pou l elimine tout fòm travay timoun yo pou rive 2025. N ap kapab rive atenn objektif sa se lè pa gen pyès timoun ki abandone nan lit k ap mennen kont travay timoun menm si sitiyasyon ta delika oubyen konplike.

KI SA NOU FÈ DEJA?

Depi kèk lane atansyon yo bay travay timoun nan konfli ak katastwòf vin pi enpòtan. Nan lane 2010 OIT elabore ***«Gid pratik pou reyentegrasyon ekonomik-Timoun solda yo retire nan lame ak gwoup ak zam»***, nan lane 2011 li pibliye ***«SCREAM: Modil Espesyal sou Travay Timoun ak Konfli ak zam»***. Nan lane 2012 ***«Pi piti Estanda yo sou pwoteksyon timoun yo nan entèvansyon imanitè»*** yo adopte ki genyen ladan yo yon estanda ki sèlman se pou travay timoun.

Nan lane 2016, Gwoup Travay sou travay timoun ki soti nan Alyans Ajans yo fè, sou pwoteksyon timoun nan aksyon imanitè ki gen nan tèt li OIT ak Plan Entènasyonal, pibliye yon Gid pratik ki rele ***«Gid Ajans yo : soutni bezwen pwoteksyon timoun yo k ap travay nan sitiyasyon ijans»***. Objektif Gid sa se pou ede travayè imanitè pwoteje timoun yo kont travay timoun. Nan lane 2016, Konsèy Administrasyon OIT adopte ***«Prensip Direktè sou aksè refijye ak lòt moun yo fòse kite mache travay la»*** ki mande tout Manm ak Mandan OIT yo pou pran tout mezi pou lite kont travay timoun epi fè prevansyon.

Alyans 8.7 ki te kreye nan lane 2016 te la pou akselere ak entansifye aksyon ki t ap mennen kont travay timoun, travay fòse, esklavaj modèn ak komès moun. Toujou sou Alyans 8.7 la, OIT kolabore ak plizyè patnè tankou UNICEF, HCDC, OIM, OSCE ak ICMPD. Nan sis Gwoup Aksyon ki te kreye yo, youn ladan yo se te sèlman pou travay timoun ak travay fòse nan sitiyasyon kriz.

OIT mande Mandan li yo pou al pote sekou bay plizyè milye timoun ki viktim travay timoun nan moman konfli ak katastwòf. Anpil timoun nan peyi Dayiti, Myanmar, Nepal ak Repiblik Demokratik Kongo rive abandone travay timoun epi retounen lekòl. Nan kad yon apwòch entegre sou Prensi ak Dwa fondamantal Travay, OIT elabore zouti ki la sèlman pou fè prevansyon kont travay timoun epi ede retounen nan aktivite ekonomik, nan sitiyasyon kote lè pa gen konfli ankò, nan konsidere sitou timoun ki te fè pati fòs ak gwoup ak zam. OIT fòme epi mobilize tou fonksyonè, anplwayè, reprezantan travayè ak manm ONG k ap lite kont travay timoun nan sitiyasyon kriz.

SA KI RETE POU FÈT?

Fòk nou aji prese prese kont travay timoun nan rejyon ki gen konfli ak katastwòf ladan yo. Òganizasyon imanitè ak aktè nan domèn redresman ak rekonstriksyon ta dwe enterese nan bay travay timoun yo priyorite. Gouvènman yo, òganizasyon anplwayè ak travayè, aktè imanitè te jwe epi tou dwe jwe yon gwo wòl nan lit kont travay timoun nan konfli ak katastwòf yo. Si nou vle rive touche objektif 8.7 nan Objektif Devlopman Dirab yo (ODD), nou dwe ogmante epi fè vit ak aksyon k ap fini ak travay timoun yo menm nan rejyon ki genyen konfli ak katastwòf yo. Se pou nou fè sa ansanm.

NAN OKAZYON JOUNEN MONDYAL SA A, NOU MANDE POU TOUT MOUN KONSENE YO KAPAB:

- Entegre epi trete san pèdi tan tout tematik sou travay timoun nan tout mezi aksyon imanitè yo.
- Sible tout koz ki premye responsab travay timoun yo nan devlope aksè pou edikasyon, pwoteksyon sosyal, adopte mezi ki garanti mwayen pou moun viv, epi favorize aksè pou granmoun genyen yon bon travay.
- Fè respekte tout dwa fondamantal timoun refijye epi ki deplase yo nan lide pou yo kapab pwoteje kont travay timoun yo ak komès moun.
- Ranfòse kolaborasyon ak sansibilizasyon gras ak dyalòg sosyal pou kapab fini ak rekritman timoun yo epi itilize yo nan konfli ak zam ak nan pi move fòm travay timoun yo.
- Kontinye fè pwomosyon sou bon jan kalite travay pou anpeche timoun yo al travay nan moman yap ba yo ankadreman ak nan rekonstriksyon sitou nan bay priyorite ak fòmasyon teknik, pwoteksyon sosyal ak bon jan kalite travay pou granmoun ak timoun ki gen laj pou al travay.

NAN:

- Favorize kowòdinasyon ak kolaborasyon tout aktè ak pwogram imanitè epi aktè ak pwogram devlopman nasyonal.
- Ranfòse wòl gouvènman yo, òganizasyon anplwayè ak travayè yo ak antrepriz piblik ak prive nan lit kont travay timoun ki nan sitiyasyon konfli ak katastwòf.
- Amelyore travay, mwayen pou moun viv ak pwoteksyon sosyal nan fwaye yo nan lide pou anpeche timoun yo al travay.
- Nan ranfòse ak chache plis patenarya ak alyans pou bon jan kalite travay.
- Amelyore konesans sou sa ki lakoz timoun ap travay epi ranfòse kapasite aktè yo nan sitiyasyon konfli ak katastwòf.

VIN JWENN NOU NAN JOUNEN MONDYAL KONT TRAVAY TIMOUN POU ANE 2017 LA!

Jounen mondyal sa se okazyon pou n ka fè tande vwa nou pou n pwoteste kont travay timoun. Nou envite w ou menm ak tout òganizasyon w lan vin patisipe nan jounen mondyal sa a. Patisipe avèk nou nan mouvman mondyal kont travay timoun.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: www.ilo.org/ChildLabourWorldDay
Oubyen pran kontak ak nou nan: fundamentals@ilo.org

JOUNEN MONDYAL KONT
TRAVAY TIMOUN

#travaildesenfants

12 JEN 2017